



Kalandriye ak detay pou Admisyon nan Lekòl Segondè

Chè fanmi,

Nou espere klas 8yèm ane pitit ou a kòmanse byen!

Otòn sa a, pitit ou a pral aplike nan lekòl segondè. Nan kòmansman oktòb, pitit ou a pral pote lakay li yon **lèt byenveni pou admisyon** ki soti nan lekòl li a; lèt sa a gen ladan detay sou fason pou l patisipe nan admisyon, tankou kijan pou kreye yon kont MySchools (si w poko genyen youn).

Gen twa chemen pou lekòl segondè:

- **Voye yon [aplikasyon lekòl segondè](#) ale.**
 - Peryòd aplikasyon an ap kòmanse nan dat **12 oktòb** epi l ap fini a 11:59pm **1ye desanm**.
 - Ou ka aplike nan 12 pwogram lekòl segondè nan aplikasyon sa a.
- **Ochwa: Aplike nan LaGuardia High School.**
 - Peryòd aplikasyon an ap kòmanse nan dat **12 oktòb** epi l ap fini a 11:59pm **1ye desanm**.
 - Yo pral fè odisyon vityèl pou lekòl sa a. Pou plis enfòmasyon sou kondisyon odisyon, ale sou schools.nyc.gov/HSAuditions.
- **Ochwa: Aplike pou uit [Lekòl Segondè Espesyalize](#) ki bay egzamen.**
 - Enskripsyon pou pran Egzamen Admisyon nan Lekòl Segondè Espesyalize yo (SHSAT) ap ouvri **6 oktòb** epi ap fini a 11:59 pm **4 novanm**.
 - Egzamen SHSAT ap fèt pou pifò elèv klas 8yèm ane DOE nan dat 17 novanm nan lekòl yo pandan jounen lekòl la. Elèv klas 9yèm ane, ak 8yèm ane nan lekòl ki pa DOE (lekòl charter, prive, ak pawasyal), ap pran egzamen an nan lokal santral nan yon dat nan wikenn. Dat yo konfime pou pran egzamen an ap sou tikè SHSAT ou la.

Kounye a, ou ka...

- Kòmanse eksplòre opsyon lekòl segondè ou yo nan lekòl piblik [MySchools.nyc high school directory](https://schools.nyc.gov/HighSchoolDirectory).
- Planifye pou vini nan youn nan sesyon enfòmasyon vityèl pou admisyon nan lekòl segondè nan dat **11, 13, oswa 18 oktòb**. Yo ap voye detay pa imèl sou kòman pou vin patisipe .
- Li plis enfòmasyon sou chak chemen ou ka pran epi gade seri videyo nou yo nan sitwèb nou yo, schools.nyc.gov/High ak schools.nyc.gov/SHS.

Ou gen kesyon? Pale avèk konseye pedagojik lekòl pitit ou a oswa voye yon imèl nan HSEnrollment@schools.nyc.gov.

Mèsi,

Ekip admisyon lekòl segondè a, Biwo enskripsyon elèv

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan schools.nyc.gov/SignUp. Si w ta renmen retire non w pou pa resevwa mesaj alavni sou admisyon lekòl segondè, tanpri klike [la a](#).